

Influenza / Rim




Jwenn Plis Enfòmasyon

- Influenza (rim) se yon enfeksyon respiratwa danjere ki simaye fasil ba lòt moun.
- Influenza kapab fè moun ki an sante menm vin malad grav. Li kapab lakòz pwoblèm sante, tankou nemoni.
- Influenza kapab fè pwoblèm sante ki la deja, tankou maladi kè, opresyon, dyabèt, menm grav.
- Chak ane anpil milye moun New York mouri apre yo gen influenza. Plis pase 100 timoun Etazini te mouri akòz influenza pandan sezon rim 2016-17.*

*Sous: Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) (apati mwa jiyè 2017)

MEN KÈK NAN SENTÒM YO:



Lafyèv




Tous



Gòj fèmal



Maltèt



Doulè nan kò



Febles


Evite epi Pwoteje

- Vaksen grip la se yon fason san danje ak efikas pou pwoteje tèt ou ak lòt moun.
- Yo modifiye vaksen an chak ane pou pwoteje ou kont nouvo viris yo.
- **Tout moun ki gen laj 6 mwa ak plis ta dwe pran vaksen kont grip chak ane.** Timoun ki poko gen 6 mwa yo twò piti pou vaksen an; moun k ap bay yo swen yo ta dwe asire yo pran vaksen an.
- Pran vaksen kont grip ou san pèdi tan. Men menmsi ou pran vaksen an pita, li pi bon pase si ou pa vaksinen.

PA SIMAYE JÈM YO:



Kouvri bouch ou ak nen ou avèk andedan koud-bra ou lè w ap touse oswa lè w ap etènye. Pa itilize men ou.




Lave men ou avèk savon.

Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi gratis.

Pran yon Vaksen kont Grip Gratis oswa pou Pri ki Ba

- Poze pwofesyonèl swen sante ou sou vaksen kont grip la. Pifò plan asirans yo, ansanm avèk Medicaid, peye pou vaksen an.
- Ale nan famasi ki pi pre ou – anpil ladan yo ofri vaksen yo pou adilt.
- Tcheke si travay ou ofri vaksen an.
- Ale nan klinik vaksinasyon Depatman Sante oswa nan yon klinik oswa lopital ki anba kontwòl Minisipalite Vil la. Enstitisyon sa yo bay vaksen yo gratis kont grip la pou tout pasyan ak vizitè yo.



Chèche kote yo bay vaksen selon katye oswa kòd postal ou depi ou rele 311, ale sou sitwèb **nyc.gov/flu** oswa depi ou voye tèks **flu** (rim) nan **877877**.

SI OU MALAD AVÈK INFLUENZA:

Pa pran risk bay lòt moun grip la. Rete lakay ou epi evite kole lòt moun jiskaske fyèv ou a ale pou **omwen 24 èdtan** san ou pa te pran okenn medikaman san preskripsyon.

Poze pwofesyonèl swen sante ou kesyon sou **medikaman anti-viral**, medikaman ki kapab trete influenza. Yo kapab ede ou geri pi vit epitou yo kapab evite maladi grav.

Moun ki pi arisk pou gen komplikasyon nan grip

- Fanm ansent
- Timoun ki poko gen 5 kan (sitou sa ki poko gen laj 2 zan)
- Adilt ki gen 65 kan ak plis
- Moun ki gen sèten pwoblèm sante, tankou:
 - Dyabèt
 - Maladi poumon oswa maladi kè
 - Opresyon
 - Anemi falsifòm
 - Maladi ren oswa maladi fwa
 - Twoub metabolik
 - Sistèm defans ki fèb (tankou nan tretman pou VIH oswa kansè)
 - Twoub ki ka lakòz pwoblèm respirasyon, tankou kriz, twoub nè ak twoub miskilè
- Moun ki twò gwo
- Timoun ak adolesan (ki gen laj ant 6 mwa ak 18 tan) k ap resevwa terapi aspirin pandan anpil tan
- Moun k ap viv nan kay retrèt oswa nan lòt sant sante
- Amerendyen ak Natifnatal Alaska

Li enpòtan anpil pou pran vaksen si ou se yon travayè swen sante oswa si w ap pran swen yon moun ki nan gwoup risk ki endike anwo a.

Resous

Konekte

 @nychealthy

 nychealth

 @nychealthy

Jwenn Kote pou Pran Vaksen

Ale sou sitwèb **nyc.gov/flu**

Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale sou sitwèb **cdc.gov/flu**

Resevwa Dènye Bilten Sante

Voye yon imèl bay **healthbulletins@health.nyc.gov**



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/pubs** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradui. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.